

Septanm 2018

Chè Paran/Responsab,

Nou kontan anpil oumenm ak pitit ou a vin patisipe nan pwogram 3-K for All nou an ane lekòl sa a. Pwofesè pitit ou a ak administratè yo pral ede li avèk lesou enteresan kote l ap patisipe, pou ba li baz li bezwen pou li ka toujou renmen aprann pandan tout vil li. Pami efò n ap fè yo, n ap suiv pwogrè pitit ou a nan yon seri aptitud akademik ak sosyal ansanm avèk devlopman langaj pandan tout ane lekòl la.

Nan kòmansman ane a, pwogram evalye timoun pou wè si yo pa gen bezwen pou devlopman ak pou enstriksyon. Pou nou ka respekte règleman sa a, se pwofesè salklas la k ap evalye timoun ki enskri nan pwogram 3-K for All Pre-k yo sofsi timoun lan ap resevwa sèvis Entèvansyon depi bonè (Early Intervention, EI), oswa sèvis edikasyon espesyal preskolè nan moman an.

Yo pa t evalye pitit ou a paske l ap resevwa sèvis EI oswa sèvis edikasyon espesyal preskolè pou moman sa a. Byenke pitit ou a pa t patisipe nan evalyasyon an, pwofesè li a ap obsève li epi l ap rasanble enfòmasyon pou kenbe ou okouran pwogrè pitit ou pandan tout ane a.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a oswa biwo nou nan earlychildhood@schools.nyc.gov.

For more information on Early Childhood resources please visit our website at <https://www.schools.nyc.gov/school-life/learning/grade-by-grade/early-childhood-learning>

Avèk senserite,



Josh Wallack

Chanselye adjwen pou edikasyon pou debitan (Early Childhood Education) ak pou enskrisyon elèv

